

TEMWAYAJ DE ERAMITHE DELVA

Lage Komisyon Entè Ameriken Dwa Moun

Pandan yon odyans sou mezi prekasyon 340-10

Fanm ak Tifi nan Kan Deplase an Ayiti

25 mas 2011

Onorab Manm Komisyon Intè Amerikèn Dwa Moun:

Mwen rele Eramithe Delva, sekretè egzekutiv e fondatris KOFAVIV. An mèm tan, yon fanm ki te viktim vyòl nan lane 1992.

Mwen vle adrese yon remèsiman patikilye a tout Manm Komisyon an e tout òganizatè sesyon an. Entèvansyon 'm nan baze sou sa ki gen rapò ak sekirite nan kan yo e sistèm Lajistis nan peyi Dayiti, jouk jounnen jodi a KOFAVIV konstate:

1. Pa gen elektrisite nan kan yo;
2. Sak pi plis, gen yon pwoblèm de pwoksimite nan dispozisyon twalèt yo ki kontribye a vyolans kont fanm, pa egzanp nan kan Chann Mas twalèt yo sou la ri a devan tout moun.
3. Majorite kan yo pa gen ase douche pou fanm ak Tifi yo benyen e sa rann yo benyen deyò. Sa ki vyolasyon dwa ak diyite nou kòm fanm.
4. Pa gen patrouille polisye de fason pèmanant nan preske tout kan yo.
  - a. An 2010, aprè tranbleman de tè a KOFAVIV dokimante pèsònèlman 459 ka vyòl.
  - b. En 2011, KOFAVIV deja dokimante 96 ka fanm ak Tifi vyole pandan sèlman mwa Janvye ak Fevriye 2011 lan
  - c. Pandan ane sa yo nou travay kategori moun ki viktim yo soti de 1 an a 60 an.

An plis de insikirete ki gen nan kan yo, fanm fè fas ak anpil diskriminasyon nan tout etap sistèm lajistis la. Yon egzanp ekstrèm se politik ki egzije yon sètifika medikal lè la lwa Ayisyen pa mete egzijans sou moun ki viktim. Sa vin fè ke jij ap kontinye manipile administrasyon lajistis.

Pou m' fini, mwen mande ak respè ke Manm Komisyon an vizite Ayiti e evalye obstak ki rann difisil bon jan aplikasyon Rekòmandasyon nou te fè yo. Obstak sa yo enkli mank dantant ak kowòdinasyon ant Ajans gouvènman ki konserne yo, Ajans Nasyon Zini yo, ak manm òganizasyon fanm de baz Ayisyèn yo.

Mèsi.